



Pou Piblikasyon Imedya: 20/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF POU SIPÒTE REZIDAN LOJMAN
PIBLIK YO AK AMEYORE KONDISYON YO NAN NYCHA**

***S.7859-A/A.8612-A egzije pou NYCHA genyen yon baz done ki ka fè rechèch sou
nimewo tikè***

***S.72-A/A.9387-A gen rapò ak konsèvasyon done piblik vyolasyon kòd ouvè yo
nan devlopman NYCHA yo***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon pake lejislasyon pou sipòte rezidan lojman piblik yo epi amelyore kondisyon yo nan Otorite Lojman Vil New York la. Lejislasyon S.7859-A/A.8612-A egzije pou NYCHA kreye epi konsève yon baz done ki ka fè rechèch sou nimewo tikè ki montre plent rezidan yo depoze. Lejislasyon S.72-A/A.9387-A egzije pou yo konsève done sou vyolasyon kòd ki annatant yo nan devlopman lojman piblik yo menm jan ak pou lojman prive.

"Pandan twò lontan, rezidan lojman piblik nan Vil New York yo te oblije fè fas ak kondisyon lavi ki pa akseptab — men n ap travay pou nou pote chanjman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ogmante transparans ak responsablite nan NYCHA pral ede amelyore operasyon yo epi bay rezidan yo zouti yo bezwen pou swiv pwogrè sou reparasyon ak amelyorasyon yo".

"Kenbe sistèm done aktyèl yo ak itilize teknoloji pou ede swiv plent yo pral ede Otorite Lojman Vil New York la amelyore kondisyon lavi yo", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Nouvo pake lwa sa a ke Gouvènè a te siyen an pou ede amelyore kondisyon lojman piblik yo pral asire ke Nouyòkè ki pa gen sekirite nan lojman yo kontinye gen yon kote pou yo rete ke yo rele ka lakay yo".

Lejislasyon S.7859-A/A.8612-A egzije pou NYCHA genyen yon baz done nimewo tikè ki ka fè rechèch, ki pral ogmante transparans ak responsablite nan operasyon otorite a. Piblik la pral kapab wè nimewo tikè yo ak plent yo, men yo pral eskli enfòmasyon pèsònèl sou rezidan yo ki depoze nenpòt doleyans.

Senatè Eta Jessica Ramos te deklare, "Twò souvan, vwazen mwen yo nan Woodside Houses te santi ke demann antretyen yo te disparèt nan vid. Mwen te fyè pou m te fè patenarya avèk Manm Asanble Barnwell pou kreye baz done piblik sa a ki ka fè rechèch

pou reparasyon antretyen yo. Li se yon lide ki tèlman senp epi ki tèlman nesèsè, mwen kontan nou te kapab rive fè li sesyon pase a. Lè Gouvènè Hochul siyen li jodi a, sa ap ede kreye yon sistèm responsabilite pou Nouyòkè yo k ap viv nan NYCHA".

Manm Asanble Brian Barnwell te deklare, "Pandan twò lontan, rezidan NYCHA yo te gen plent yo ki fèmen san yo pa ba yo okenn enfòmasyon, epi pafwa travay la pa fini. Pwojè Lwa sa a pral bay responsablite ak transparans pou rezidan NYCHA yo. Sa a pral kontribiye anpil nan ede rezoud anpil nan plent nou resewa chak jou. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, ak Senatè Ramos paske yo te travay ansanm epi fè travay sa".

Lejislasyon S.72-A/A.938-7A mande pou yo kenbe done sou vyolasyon kòd annatant yo nan devlopman lojman piblik yo menm jan li ye pou lojman prive, sa ki pral pote limyè sou kondisyon lojman piblik sa yo.

Senatè Eta Brad Hoylman te deklare, "Lojman piblik nou an pa ta dwe izole kont responsablite piblik. Kounye a, pa gen okenn sistèm ki an plas ki kolekte done sou vyolasyon kòd annatant yo nan rezidans NYCHA yo. Lokatè prive nan Vil New York yo ka rele "311," men plent rezidan NYCHA fè yo pa anrejistre. Mwen rekonesan pou Lidè Majorite Sena a Stewart-Cousins, kòlèg Sena Demokratik mwen yo ak Gouvènè Hochul paske yo te travay pou rezoud pwoblèm sa a nan sistèm responsabilite lojman piblik nou yo. Avèk S.72A, Vil New York pral finalman kapab pote limyè sou kondisyon enstalasyon NYCHA nou yo epi bay tout Nouyòkè lojman sekirite ak pwòp yo merite".

Manm Asanble, Marcela Mitaynes, te deklare, "Mwen bat bravo pou siyati Pwojè Lwa Baz Done Piblik pou Vyolasyon Kòd Ouvè NYCHA (A09387/S72), k ap mete pi gwo pak Lojman Piblik ki egziste nan peyi nou an nan menm estanda ke rès inite lojman ki egziste nou yo dwe satisfè. Pwojè Lwa sa a pral bay tout rezidan ak lidè yo yon zouti ki ka itilize pou kenbe ajans lojman yo responsab. Lè nou mande NYCHA pou l kenbe done sou vyolasyon kòd annatant yo nan devlopman yo, nou ka kòmanse founi, kolektivman, rezidan klas travayè nou yo yon lojman desan ak diyite ke nou tout merite".

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Rezidan NYCHA yo merite menm lojman sekirite, bon kalite, abòdab ke chak Nouyòkè merite, epi mwen byen kontan genyen Gouvènè Hochul kòm yon patnè nan efò pou fè sa tounen yon reyalite. Finalman, nou gen yon gouvènè ak yon majistra k ap travay ansanm pou pote amelyorasyon reyèl, ki nesèsè anpil nan NYCHA, epi mwen espere kontinye travay avèk Gouvènè Hochul pou ranfòse Fidisi Prezèvasyon Lojman Piblik la epi bay rezidan NYCHA yo kay pwòp ak sekirite yo bezwen".

Siyati lejislasyon sa a chita sou devouman Gouvènè Hochul pou bay Nouyòkè yo lojman ki sekirite ak nan pri abòdab. Nan mwa jiyè an sèlman, Gouvènè Hochul te anonse achèvmman pwojè lojman abòdab yo nan [Konte Niagara](#) ak [Oswego](#) ak kòmansman konstriksyon pwojè lojman abòdab nan [Konte Seneca](#) ak [Lès Buffalo](#).

Nan mwa jen ann, Gouvènè Hochul [siyen lejislasyon](#) ki kreye Fidisi Prezèvasyon Lojman Piblik Vil New York, yon kòporasyon benefis piblik, pou ede finanse reparasyon,

reyabilitasyon, ak modènizasyon 25,000 apatman ki anba kontwòl NYCHA. Fidisi a garanti tou kay yo rete nan pri abòdab nan prezève dwa ki garanti rezidan yo peye sèlman 30 pousan revni yo pou lwaye, rezidan yo kenbe tout dwa siksesyon aktyèl yo, apatman yo pral kontinye rezève pou rezidan ki gen revni ba yo, epi apatman ki vid yo ap kontinye okipe apati lis datant NYCHA la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)